ZORI_ISLAMA WWW. ZORI-ISLAMA.COM

6 апрель 2023 год № 7 (527)

…я считаю что эта газета должна быть
4.05.2004.
А.-Х. Кадыров

# ИСЛАМАН ЗІАЬНАРШ




ОРДЕН «ЗА ЗАСПУГИ ПЕРЕД УММОЙ» 1 СТЕПЕНИ

РЕСПУБЛИКАНСКАЯ РЕЛИГИОЗНО-ПРОСВЕТИТЕЛЬСКАЯ ГАЗЕТА «ЗОРИ ИСЛАМА»

ВЫХОДИТ С 6-ГО НОЯБРЯ 1990 ГОДА

ПЕРВАЯ РЕЛИГИОЗНО-ПРОСВЕТИТЕЛЬСКАЯ ГАЗЕТА В СССР

## БАТУКАЕВ АХЬМАДДУКЪ-ХЬАЬЖА



Тайпана курчало хилла иза, накъшбандин тIарикъатехь а волуш. Вайн махкахь дуьххьара алссам ийман диллийтина волчу Берса-шайхан тIаьхьенах ву Ахьмаддукъ-Хьаьжа. Лаха-Неврерчу Iусман-Хьаьжас кхиийна хилла иза. Цуьнгарчу Iилманах, тIарикъатан некъах пайдаэцна Ахьмаддукъ-Хьаьжас.

БоргIанерчу Iабдуллаб-Хьаьжин мурид хилла иза. Цуьнга шайхалла делларг и ву бохуш, чIагIдо цуьнан муридаша. Ткъа цо иза схьаэцнера йезачу Мединатерчу шайхера Мухьмад Матзарера. Иштта йу оцу шайхийн накъшбандин тIарикъатан зIе.

Дала хиндерг хаар шега делла хилла Ахьмаддукъ-Хьаьжа. Iусман-Хьаьжа дIаваьллачу буса хьеший хилла Ахьмаддукъ-Хьаьжа волчохь. Iуьйра-ламаз дина ваьлча, хьеший самабаьхна цуо:

– ГIовттий, сиха лелалаш, Неврера Хьаьжа дIаваьлла шуна, – аьлла хилла.

– Мила веана хаам бан? – хаьттина цхьамма.

– Веана стаг вац, гIенах цуьнан са стигала хьаладоьдуш гира суна. Цунах хаьа суна и бакъ хилар, – элира Ахьмаддукъ-Хьажас

ХIорш, кечамбина, новкъа бевлча, дуьхьалкхеттачу стага и хаам беана кхаьрга.

Иштта бу оцу эвлайаийн белхаш, хила доллучу хIуманна синош тIекхуьуш.

Шайхан Ахьмаддукъ-Хьаьжин муридаш бу дуккха а йарташкахь. Дела везаре, вовшашца магаре, исламан динехь нисдаларе кхайкхина цо шен хьехамашца.

Дела хьехор алсамдаккхийта, вирдаш тIедеххкина оцу устаза ша къобалвинчу муридашна.

Муридаша зерат дина цуьнан коша тIехь. ТIехьа-Мартан кIоштарчу ШаIми-Йуьртахь ду иза. Бусалба динан дезачу деношкахь дуккха а нах хуьлу цигахь, Деле дерриге а диканиг доьхуш, доIанаш деш.

Дала къобалдойла церан зерат! Дала жоп лойла бусалба наха дехначунна!

*М. Заурбеков*

## IАВДАС ШЕН МУРИДАШ КЪАМЕЛАЦА А, ЛЕЛАРЦА А, ДУХАРЦА А ОЬЗДА ЛЕЛА IАМОШ ХИЛЛА

*(Хьалха-МартантIерчу Товсултанов Асхьаба дуьй-цуш хезна аьлла, сан дас Джунайда дуьйцура хIара)*

Ткъа Асхьаба иштта дийцинера:

– Цкъа Iавда волчохь, кхиболчу муридашца цуьнан хьехамашка ладугIуш тхо долуш, Iавдас хьала а гIоттуш элира:

– Асхьаб, валохьа, божал чу а гIой, гомаш муха йу хьажа вайшиъ. Тахана беже ца лоллуш цIахь йитинера иза, - аьлла. Iавдица цхьаьна божал чу вахара тхойшиъ. Гомаш йехка хан герга йолуш цIахь йитина хиллера, и паргIат йалаза а хилла, чувеара тхойшиъ.

Iавдас, ша охьа а хууш, Асхьабе элира:

– Асхьаб, и гомаш мича хьолехь йу а хьажий волахьа, – аьлла.

ХIинцца цуьнга хьаьжна схьавогIуш велахь а, Iавде кхин хIума ца олуш, йуха а гомаш муьлхачу хьолехь йу а хьаьжна, чу а веана:

– Iавда, хьалха санна ма йу иза, – аьлла жоп делира ас.

Цхьаьнгга а хоттуш а доцуш, тхойшиъ божалара цхьаьний чувогIуш а ма вара, Iавдас со йуха хIунда вахийтира-те, бохуш сингаттам лаьтташ вара со.

Цул тIаьхьа, цхьана дийнахь Iела тхоьца а волуш, ворданахь, кхин масех Iавдин мурид а волуш, цхьана гIуллакхе доьлхуш дара тхо. Iела, жимма шен дегIана тем бийр бара ша аьлла, тIе верта а тесна дIатевжина вара. Ас дийцира тхаьшца болчу муридашка и сингаттам сайн хиларх лаьцна. Цара, Iавдас хьо гомаше хьажа йуха хIунда вахийтина шайна ца хаьа, – элира.

Оцу хенахь Iелас, шена тIера верта дIа а тосуш:

– Асхьаб, хууш деллехь а, ца хууш деллехь а жоп нийса делла ахь. ТIерикъатан маттаца догIуш дац, «гомаш йехкина», «зудчо бер дина», «йоI маре йахана», олуш, иштта, цуьнга терра долу нохчийн маттахь кхидолу къамелаш. ТIерикъатан маттахь, ахь маьаллара, «гомаш хьалха санна йу», йа «паргIат йу», «хьанехан кIант ву», «йоI хьанехан цIентIе йахана» олуш бакъахьа ду, иштта оьзда бийца беза тIерикъатан новкъехь волчу мурида нохчийн мотт, – элира Iелас.

Оцу кеппара, шайн леларца а, къамелаца а оьзда хила Iамош хилла IавдагIара муридаш.

*М. Заурбеков*

## СУРЫ

### СУРА 113 «АЛЬ-ФАЛАК» («РАССВЕТ»)

Сура «Рассвет» ниспослана в Мекке. Она состоит из 5 аятов. В этой суре рекомендуется Пророку (да благословит его Аллах и приветствует) обращаться к защите своего Господа и прибегать к Нему, ища убежища от всякого из Его творений, кто может причинить зло, и от зла ночи, когда она темнеет, поскольку ночью души людей испытывают одиночество и беспокойство, и трудно избавиться от её вреда и от зла тех нечестивцев, которые стремятся сеять раздор среди людей и подрывать связь между ними, и от зла завистника, который желает, чтобы другие рабы Аллаха лишились милости и благоденствия, которыми Аллах наделил их.



### СУРА 114 «АН-НАС» («ЛЮДИ»)

Сура «Люди» ниспослана в Мекке. Она состоит из 6 аятов. В этой суре Аллах Всевышний приказывает Своему Пророку (да благословит его Аллах и приветствует) прибегать к Нему, прося у Него защиты от большого зла, которое многие люди не замечают, поскольку оно проистекает из их страстей и нечестивых прихотей и толкает их к совершению того, что Аллах запретил им. Это зло шайтана, из людей или джиннов, который искушает человека, исчезая при упоминании имени Аллаха, будь он скрыт от глаз или видим для них, и который прикрывает своё искушение хитростью и обманом.



*Зарема Ахмадова*

## ДИЙЦАР

## БІАЬСТЕ

Мел исбаьхьа хуьлу-кх, тIейогIушйерг бIаьсте а йолуш, схьагуш йолу ГIала. Цуьнан керла гIишлош, урамаш; дехьа – сквераш, сехьа – паркаш, ткъа йуккъехь – чухчареш…

Адамаш а ду хьуна тахана хаза, жима-воккха бен а воцуш. Йекхна го-кх церан йаххьаш, хIинцца вовшашна къинтIерадевлча санна, сакъерадаларца.

Цхьаболчарна, йуьртара йа геннара баьхкинчарна, тахана дуьххьара гина хIара хийцамаш. Царна шаьш кхечу дуьнен тIе девлча санна хета. Цецбуьйлу уьш, гIенах ду-те хIара йа баккъал ду-те, бохуш.

«Сан ГIала!» – мохь тоха дог догIу, доккхачу дозаллица, йуха, дуьнене а тоха лаьа мохь, хьайн чуьра аз мел долу, чIогIа: «ХIей, гиний шуна тхан ГIала, тхан Соьлжа-ГIала, хIан, хезий шуна?!»

Йахь а ма йу хала, лулахошца йолу… Дика йахь, оьзда йахь. Царна ган а ма лаьа, гайта а царна вайн хьоме ГIала. Дукха хан-м ца йисна хьуна уьш, лулахой, Хьаьжцlа санна, кхуза схьаэха. Зераташ а ма ца гина царна. Дерриге а некъаш ГIали чу догIуш хир ду, Дала мукълахь! Гур ду шуна! Дуьззина ши шо а ца кхаьчна-кх кхуьнан хIинца а, бер ду-кха хIара, бер, хабарш дийца Iемаш долу йа хьалхара гIулчаш йаха, зевне дела а доьлуш, хенаца дуьстича, дIайаьллачу хенаца, хIара гIуллакхаш долийчахьана цу кIанта, цхьа а тешаш а, йа тешар а воцуш. Хьажахьа, маьждиг… Маьждиг гиний шуна? ГIали йуккъехь момсарш ирхйахана лаьтташ долу. БIаьвнел лекха ду-кх иза, инзаре лекха, стиглан Iаьршашка хьалаккхевдина момсарш а йолуш.



Кхузахь, ГIали йуккъехь, тахана къеггина хьаьжна болчу бовхачу маьлхан зIаьнаршлахь, ловзуш го кегий бераш, шайн къоначу наношна гонаха хьийзаш, даима цхьаъ хоьттуш, дуьйцуш, дийца гIерташ.

Ма зезагех тера ду-кх уьш, и бераш, цу сийначу бацалахь даьржина долчу, йа седарчех, стиглара седарчех тера, шайн лепарца, ловзаран шовкъаца. Цаьрга а хьоьжуш, хьуо даггара воьлуш хаало-кх хьуна, цхьа кийрара дуьйна схьа, дегI изга а деш, цара лелочух самукъадолуш, инзаре, исбаьхьа хеташ цара лелориг, дийца гIертарг, дуьххьара царна гуш дерг, хьайн ойла цхьа а йисина, цу берашца цхьаьна.

Йуха, цIеххьана дIахьоду ойла, генна йуха, хьо жима хиллачу, винчу махка… Басарш ца къаьста-кх цигара, тахана кхузахь берашна гуш долу, ган йиш йолу басарш. Цхьа кIеззиг серлонан аса хаало-кх, бодаш дIа а тоьттуш, казахийн, гIиргIазойн гIум-аренашкахула, кондарш уьдучу, мохо хьийзочу ченахула дIагIерташ долу хьан ненан гIаларт, дагарца ватталуш волу хьо а волуш ги вихкина, доккхачу къорзачу корталица…

ТIак-тIак… тIак-тIак… тIак…

Болар.

ДIадоьду болар, хьуна уллехула, хьан IиндагIна тIехула а долий, боларан тулгIенан архь а хьаьрчаш хьох. ЭхI, хIара-м, цхьа ялсамани… Корта меллаша хьалаойбу ахь, цуьнан боларна тIаьхьа, хьан IиндагI цунна тIаьхьа хьала а нислуш, улле а долуш цунна.

– Зарина! Зари-и-на!..

Ас туьйхира-те и мохь?.. Ас тухуш санна-м… Суна мичара хаьа цуьнан цIе?.. Иза йуха хьожу, саца а соций, соьга хьожу…

Сан IиндагI меллаша дIашерша цунна хьалхара, йуьстаха а долуш. ЭхI… малх хьаьги-кх цунах, шен зIаьнарш а хьарчош цунах, цу йоIах...

Хаза йарий боху ахь? ХIан-хIа… Ца дуьйцу. Дийцалур ма дац. Тоьар ма дац дешнаш, басарш а дац тоьар, йа басарш эша а ма ца оьшу… Шадерриг а цхьана сийдолчу сизца гайта деза-кх, къоламаш а ца хьоькхуш.

Оф-ф! Ма кIордийна-кх и шун хеттарш…

Хьуо валахьа ГIали йуккъе, таханлерчу Соьлжа-ГIали йуккъе. Гур ду хьуна. Цкъа гича гIоле дац, даим и тилпо а ца йекош. Йитахьа и Паранци, Герман а йитахьа, Белги а…

Бакъ дуй и, бакъ дуй???

ХIаъ. Ду хьуна бакъ. Хьуна мел хезнарг – бакъ!

Йелало иза, бIаьргашца йелало, тай тоьхча санна долу Iаьржа цIоцкъамаш а довдош ирх, цIеххьана хиллачунна цецйолуш. Йуха, полла санна бетталун йовлакхан т1ам а сацош шина п1елгаца, лерган т1илдигна т1е а та1ийна, цхьа д1асатеххкаш:

«Таккха, со йу-кх иза, Зарина», - бохуш санна.

Сан куьг айдинчохь дуьсу.

– Зарина, хьо тахана институтехь ма йацара?! – мохь хеза букъа тIехьа, суна тIехьара цу йоIе.

Со вухахьаьжира, шадоллу хаттарш цу хьажарца а дуьсуш. Иза цхьана хIуманна кхоссавала санна лаьттара, когабуьхьар а хIоьттина, цхьаъ ала гIаьттинчохь бага а йуьсуш. Ши бIаьрг а бара къоначу берзан санна къегина. Йуха, цу бIаьргийн кхоссар, стелахаьштигах: «Хьо вара хьуна хIинца кху йуккъех оьшуш верг», – бохуш санна. Шеца къовсаваллал кхерам ца хийтира-кх цунна соьгара и сан къоьжа шераш бахьанехь.

ЭхI, Iехаво бIаьстено, цуьнан цIе муьлххарг хиларх: Марха, Марьям, Макка, Раяна, Радима…

ЭхI, хьо бIаьсте! Даим а къона йу-кх хьо, къона…

*Ибаев Руслан, Жима АтагIа*

В ГАЗЕТЕ ИМЕЮТСЯ ПЕРЕВОДЫ СВЯЩЕННЫХ ПИСАНИЙ, ПОПАДАНИЕ КОТОРЫХ В НЕЧИСТОЕ МЕСТО ПО ШАРИАТУ НЕ ДОПУСКАЕТСЯ!

КОНСТИТУЦИИ ЧЕЧЕНСКОЙ РЕСПУБЛИКИ - 20 ЛЕТ

# СЛОВО СОРАТНИКУ А.-Х. КАДЫРОВА



23 марта в Грозном отметили 20-летний юбилей.

Чтобы понять, какая огромная работа предшествовала подготовке и проведению этого важного политического мероприятия, надо мысленно представить себе ситуацию, которая имела место быть в то время в республике.

Это был тяжелый период, когда все еще проводились зачистки, передвижение было крайне затруднено, объекты соцкультбыта практически были разрушены. К тому же положительный исход референдума означал крах проекту «Ичкерия». Поэтому ожидалось, что бандподполье приложит все свои силы, чтобы не допустить свободного волеизъявления народа и сорвать референдум.

Сегодня, прогуливаясь по чистым ухоженным улицам и аллеям г.Грозного, трудно даже поверить, что тогда здесь дымились руины и вся архитектура ограничивалась только лишь бесчисленными блокпостами.

Помнится, в те годы некоторые политические эксперты ставили под сомнение возможность проведения столь важного общественно-политического мероприятия в сложившихся условиях. Но стремление к мирной жизни Первого Президента Чеченской Республики, Героя России Ахмата-Хаджи Кадырова (Дала гIазот къобал дойла цуьнан!) и нас, его соратников, было настолько велико, что мы нисколько не сомневались в том, что только лишь всеобщим волеизъявлением народа, а не бесконечной войной нужно определить пути дальнейшего развития нашего общества. Для решения этой задачи 11 декабря 2002 года в г. Гудермесе состоялся Съезд народов Чеченской Республики, на котором была определена дата проведения всеобщего референдума - 23 марта 2003 года.

К всеобщему удивлению и радости голосование прошло весьма активно по всей республике. На отдельных избирательных участках люди выстраивались в очереди. Наблюдатели из разных регионов и стран с нескрываемым изумлением и отрадой отмечали этот факт.

Проведение референдума было своего рода подготовительным этапом выборов Президента Чеченской Республики. Это было важное и ответственное мероприятие в политическом смысле. Через полгода, 5 октября 2003 года, состоялись всенародные выборы Первого Президента Чеченской Республики. С выборами Президента ЧР все органы власти, так называемой Ичкерии, становились нелегитимными.

Таким образом, жители Чеченской Республики изъявили свое желание быть в составе Российской Федерации и избрали Первым Президентом Чеченской Республики Ахмата-Хаджи Абдулхамидовича Кадырова.

Волею судьбы, я был рядом с ним с первых дней назначения А.-Х. Кадырова на эту должность и до конца его жизни. Поэтому есть что вспомнить и рассказать. Но я пока остановлюсь на сфере культуры и искусств, которой руководил в ту пору.

В предвыборной программе, тогда ещё кандидата в Президенты Чеченской Республики Ахмата-Хаджи Кадырова, были такие слова: «Сила и мудрость – возрождению Чечни!». Он искренне переживал за поверженную культуру, думал над тем, как бы ускорить процесс её возрождения и развития. Был сильной, мужественной личностью и мудрым публичным политиком, имел дар влияния на людей различных социальных слоев, был настроен на всемерную государственную поддержку процесса развития национальной культуры, как важнейшего фактора формирования высокой духовности общества.

Материально-техническая база сферы культуры и искусств Чеченской Республики в тот период состояла из все еще дымившихся руин учреждений культуры и искусства. Пришлось начинать все буквально с нуля. Особенно тяжелыми были первые месяцы. Но придавало оптимизма понимание и поддержка Ахмата-Хаджи Кадырова. На любые обращения, при всей своей чрезмерной занятости, он оперативно реагировал: порой сам выдвигал неожиданные предложения относительно определения приоритетов на начальном этапе возрождения культуры.

Он горячо поддержал нашу идею о выработке обращения ко всем деятелям культуры и искусств, вынужденно покинувшим Чечню в годы социальных потрясений. Обращение такое под названием «Время собирать камни» было опубликовано во многих средствах массовой информации. Оно во многом способствовало возвращению в Чечню беженцев - бывших работников данной сферы.

Ахмат-Хаджи тогда пришел к мнению, что следует вернуть к творческой жизни такие символы национальной культуры, как Чеченский государственный драматический театр им. Героя Советского Союза Х. Нурадилова и Государственный ансамбль танца «Вайнах».

Мы совместно с руководством Государственной Третьяковской галереи объявили Международную благотворительную акцию «Вернем Грозному музей», в рамках которой был выпущен сборник материалов под одноименным названием со вступительным словом А. А. Кадырова. В нем говорится: «…Современные вандалы и пламя войны дотла уничтожили наши музеи, разбили и изуродовали их экспонаты»…

Он охотно откликался на любые предложения участия в культурных мероприятиях, хотя было все ещё небезопасно передвигаться по республике. Искренне радовался каждому шагу на пути возрождения культуры.

Июнь 2001 года. Торжества по поводу ввода в эксплуатацию первого восстановленного здания Дворца культуры Ножай-Юртовского района. На открытие приехал Ахмат-Хаджи Кадыров. Радости ножайюртовцев не было границ. Если сам Глава республики прибыл на такое важное мероприятие, значит быть переменам в лучшую сторону, а душа народа - прекрасная провидица.

На базе Литературно-этнографического музея Л. Н. Толстого в ст. Староглядовской Шелковского района также в июне 2001 года состоялись торжества по случаю 150-летия первого приезда в Чечню Л. Н. Толстого. И на них присутствовал Президент республики А.А. Кадыров, что придавало торжествам высокий статус. В рамках юбилея была проведена межрегиональная научно-практическая конференция на тему: «Л. Н. Толстой и Чечня», на которой вступительное слово произнес А.-Х. Кадыров. «Мы должны путем подобных форумов вернуться в то прошлое, когда в единой семье жили ногайцы, татары, русские, чеченцы и т.д.», - заявил он.

В каждый свой приезд на мероприятия он в неформальной обстановке встречался с местными жителями, интересовался их жизнью, проблемами обустройства. Так было и во время поездки в феврале 2002 года в станицу Воскресеновская Шелковского района на открытие Ногайского культурного центра в только что восстановленном сельском Доме культуры. Он внимательно выслушал представителей ногайской общины, тут же решил вопрос оказания материальной помощи на ремонт сельской мечети, обещал принять меры по социальному обустройству ногайских поселений района.

А. А. Кадыров был щедрым человеком - любил радовать людей знаками внимания и подарками. Он знал лично всех именитых деятелей культуры и искусств, встречался с работниками аппарата министерства и руководителями всех республиканских учреждений культуры и искусств, принимал у себя отдельных творческих работников, выяснял их нужды, оказывал им необходимую помощь.

В дни своих юбилеев многие известные творческие деятели республики получили автомобили и почетные звания заслуженных и народных артистов ЧР. При поддержке Президента Чеченской Республики А. А. Кадырова Правительством Чеченской Республики было принято распоряжение «О мерах по социальной защите и стимулированию труда работников сферы культуры и искусства ЧР», согласно которому установлены надбавки работникам за стаж работы, почетные звания за счет республиканского бюджета. Этот документ позволил поднять зарплату культработникам в среднем на 40 процентов. Затем положения данного распоряжения были закреплены в Законе Чеченской Республики «О культуре».

Хотелось бы сказать и о личных качествах Ахмата-Хаджи. В любой среде он оставался самим собой: открытый, с изрядной долей юмора, бесхитростный. Он не умел лукавить. Его уникальная коммуникабельность подкупала собеседника, настраивала на добрый лад. Ему была присуща природная дипломатия. В круговороте дел он чудесным образом запоминал лица людей, помнил имена множества из них, с которыми он когда-то, даже в пору своей юности, встречался. У него была феноменальная память, которая воскрешала события, встречи… Он держал в памяти свои обещания людям, данные им даже при мимолетных встречах в ходе его многочисленных встреч с населением непосредственно в населенных пунктах, в производственных коллективах и учреждениях.

Словом, он был человеком слова и дела. Именно он заложил основу государственности современной Чеченской Республики. Отрадно отметить, что дело, начатое своим отцом, достойно продолжает нынешний Глава Чеченской Республики, Герой России Рамзан Ахматович Кадыров.

***МОВЛА ОСМАЕВ, доктор исторических наук, профессор кафедры журналистики ЧГУ им. А. А. Кадырова, Почетный гражданин Чеченской Республики, Заслуженный работник культуры Российской Федерации***

«ДАЙМОХК» ГАЗЕТАН ИСТОРИ

# МЕХТИЕВ ХЬАСАН

Кхачам боллуш чулацаме газет арахеца, лакхахь лаьттачу Iедалан органаша шена хьалахIиттточу декхаршца йуьззина ларо хьуьнаре йолу коллектив дика вовшахкхетаза а йолуш, шен орган долчу газетан болх тобан I963-чу шарахь партин обкомо «Ленинан некъ» газете редактор ваийтира хьалха оцу балхахь хилла а, республикин прокурор лаьттина а, лаккхарчу даржашкахь куьйгаллин кхин белхаш бина а хилла волу Мехтиев Хьасан.

Белхан коллективехь хууш дара иза прокуроран болх беш хилла хилар. Цундела массеран а дагахь йара керла веанчу редактора редакцин журналисташца йолу йукъаметтигаш муха дIахIуьттур йу-те, иза уьш къесто а, хержа а волалур ву-те боху ойла. Цул совнаха, Iедалан дерриге а тIегIанашкахь хаалуш дара нохчийн маттахь арахоьцуш долу газет дерригенна а тIехь ца лара, шолгIачу могIаре хIитто, тIаьхьатетта гIертар. Цундела и хьал хийцадаларе сатуьйсуш, Хьасанах йаккхий дегайовхонаш йара редакцин коллективан.

Хьасана шен болх дIаболийра белхан а, гIуллакх кхочушдаран а низам чIагIдарна тIера.

– Низам доцчу коллетиван болх шерра дIа ца боьду. Уггаре а хьалха вай ларйан йезар йу белхан раж. ХIорамма а хьакъ ма-дду кхочушдан деза шена тIедиллина гIуллакх, – элира Хьасана.

– Тахана дан дезарг кханене тIаьхьатоьттур дац вай. Кхана дан дезарг кхин гIуллакх ду. Лакхахь лаьттачу Iедалан органаша вайна тIедехкина декхарш дуьйцийла йоццуш кхочушдеш хила деза. Иза вайн коьрта декхар ду.

Газетан белхан коллективана хьалхалаьтташ долу декхарш дан ма-деззара кхочушдархьама, уггаре а хьалха оьшуш дара белхан низам, болх хаарца вовшахтохархочун ондда куьг. Ткъа оцунна Хьасанан долуш дара дахаран а, белхан а доккха зеделларг.

Керлачу редактора чIогIа лерина само йора газета тIе йолучу хIора материалан. Цхьаццайерш ша йоьшура, йеша ца кхиъначеран чулацам буьйцуьйтура шена. Ур-атталла газета тIе йолучу стихотворенин чулацаман а, иза йазйаран техникин а дуьхе кхуьура иза. Амма ша жимма а шек верг чекх а ца йолуьйтура.

Мехтиев Хьасан махкахь революци хиллачул тIаьхьа керла Iедал дIахIоттор, куьйгаллин партин политика дIаккхехьар, экономика, дешар, могашалла Iалашйар, кхидолу дакъош кхиор шайн коьрта декхар лоруш хиллачу нохчийн къоман интеллигенцин хьалхарчу векалех цхьаъ вара. Иза Эльдарханов Таьштамир, Арсанов СаьIидбей, Мамакаев Мохьмад, Автарханов Iабдурахьман, церан могIарера кхиберш а шена йукъабоьлхучу интеллигенцин тобанах вара. Цаьрца йуххера гергарло а дара цуьнан.

Дахаро хьистина вацара Хьасан. Цо лайнера дукха жима волуш да-нана доцуш висар а, кхиаран школа чекхйаьккхина, дахарехь дIанисвелла аьлла хеттачу хенахь таIзарийн зерех чекхвалар а. Иза дерриге а шен стогаллех ца вухуш, йахь дIа ца луш, къонахаллица лайра цо.

Мехтиев Хьасан вина 1907-чу шеран гIуран беттан I5-чу дийнахь ГаланчIожан кIоштарчу Шуни йуьртахь. 1913-чу шарахь школе деша вахана. Иштта дешна берийн интернатехь а, ГIалгIайн областерчу БуритIахь хьехархойн техникумехь а. Цигахь дика доьшуш хиларца кхечарех къаьсташ вара Хьасан. И бахьана долуш дешарехь лаккхара хааршхиларца билгалбевллачарна йукъахь 1925-чу шарахь Москварчу Малхбален халкъийн къинхьегамхойн коммунистически университете деша вахийтира. Цигахь цуьнца цхьаьна доьшуш вара Мамакаев Мохьмад а, Джабраилов ЯрагIи а, Нохчийнчуьра кхиберш а.

Хьасана университет чекхйаьккхира 1930-чу шарахь. Йоццачу хенахь болх бира Нохчийн областан исполкоман инструктор хилла. Оцу балхара хийцина, дукха хан йалале «Серло» газетан редактор хIоттийра Хьасан. 1934-чу шарахь Нохчийн, ГIалгIайн автономни областаш цхьанатоьхна, царах Нохч-ГIалгIайн автономни область йира. Цуьнца доьзна, хIетахь Хь. Мехтиевн дIадолорца газетан «Серло» боху цIе хийцина, цунна «Ленинан некъ» аьлла цIе тиллира. И цIе газето лелийра нохчий цIерабаьхна, иза арадолучуьра саццалц а, цул тIаьхьа республика метта а хIоттийна, 1957-чу шарахь йуха а арахеца долийча, 1990-чу шаре кхаччалц а (1990-чу шарахь ша хIинца лелош йолу «Даймохк» аьлла цIе тиллира газетана).

ДIадаханчу бIешаран ткъе итталгIачу шерашкахь СССР-хь шуьйра даьржина дара халкъан мостагIа ву олий, бахьана а хIиттош, цхьа а бехк боцчу нахана таIзарш дар: нах цхьа а таллам а, суд а йоцуш, набахтешна чубохкар, хIаллакбар, тIепаза байъар. Оцу таIзарех хьалха ца велира Хьасан а. 1939-чу шарахь цхьа а бехк а боцуш, харцонца тоьшаллаш дина, чувоьллира иза. Цигахь лайра ницкъ бар а, харцо а, хало а. Амма Хьасан оцу дерригенах а шен сий ца дойуш, йохьах ца вухуш, йуьхькъайн чекхвелира.

1941-чу шарахь паргIатваьлла, цIавеара Хьасан. Шена тIе тидам бохуьйтуш бу цуьнца боьзна республикехь цIейаххана вевзаш хиллачу журналистан Чалаев Билалан дагалецамаш. Цо йаздо:

«1942-гIа шо, аьхке. Цу хенахь со «Ленинан некъ» газетан редактор вара… Цхьана дийнахь со волчу веара Абдурахманов Iабдурахьман, шеца ткъе итталгIа шераш йуккъе даханчу хенахь республикин «Ленинан некъ» газетан редактор а, цул тIаьхьа Нохч-ГIалгIайн АССР-н прокурор а, «халкъан мостагIа» ву аьлла, лаьцна чохьваьллина хилла Мехтиев Хьасан а волуш». КхидIа Б.Чалаевс хаам бо партин обкоме ВКП(б)-н Центральни Комитетера векалш бахкар а, ша цаьрца Шуьйтан кIошта вахар а хиъна, цаьрга шаьшшиъ тIеэцар а, шайн кехаташ чохь долу конверташ цаьрга дIайалар а цара шега дехарх лаьцна. Билала кхочушдира церан дехар. Схьагарехь, оцу кехаташца Хьасан Мехтиев бехк боцуш лаьцна хилар а хоуьйтуш, цуьнан бакъонаш меттахIиттор доьхуш хилла хила а тарло. Цуьнан лаам кхочушбира. Хьасанан бакъонаш меттахIиттийра.

Казахстанерчу Алма-Ата гIалахь арадолуш хиллачу «Къинхьегаман байракх» газетехь болх беш а мела а хан йаьккхира Мехтиев Хьасана.

1957-чу шарахь республика меттахIоттийначу хьалхарчу муьрехь Шуьйтан кIоштан прокурор хIоттийра Хьасан. 1963-чу шарахь йуха а «Ленинан некъ» газетан редактор хилла болх бира, I97I-чу шарахь ша пенсе ваххалц.

Гуттар а цхьанхьа балхахь хила Iемина волу Хьасан, ша пенсе ваханера аьлла, чохь ца сецира. 1978-гIа шо кхаччалц Нохч-ГIалгIайн АССР-н Министрийн Советан кехатийн, аьрзийн отделан заведующин болх бира Хьасана.

Хьасан Мехтиевс шен хазна йукъайиллина нохчийн литературина а. Газетан агIонаш тIехь хаддаза арайуьйлура адамийн дахарехь нислуш долу кхачамбацарш, сакхташ Iорадохуш йолу цуьнан йоцца фельетонаш, зарисовкаш, кхийолу материалаш. Иштта стихаш а йазйора Хьасана. Республикин радиос хIиттийра цуьнан «Дайн кхерч», «Сира куй», цIераш йолу радиоспектаклаш, арахийцира «Тешаме некъ», «Кхоран дитта кIел» цIерш йолу книгаш, цуьнан цхьамогIа стихашна тIехь иллеш а дехира.

Хьасан шена тIедиллина муьлхха а гIуллакх хьанал кхочушдеш а, массо а хIуманна тIехь нийсо йезаш а, лелош а вара. Цуьнан гуттар а хьалхарчу планехь дара дерригенна а тIехь жоьпалла хилар. Изза лоьхура цо шен куьйгаллина кIел болчаьргара а. Цундела иза белхан коллективехь хилла ца Iаш, республикехь а дика вевзаш а, лоруш а вара.

Мехтиев Хьасан, дерригенал а совнаха, кхечеран забарх дика кхеташ а, ша иза йан хууш а вара. Цуьнца доьзна суна дагайогIу иштта меттиг. Делкъан хенахь тхо, редакцин къона белхахой, гуттар а шахматех ловзура. Цхьана дийнахь делкъанна ловзар чекхдаккха ца кхиъна, чухула догIа а тоьхна, кабинетан неI дIакъевлира оха. Иза а хиъна, Хьасана, неI а тоьхна, иза схьайеллар дийхира. Тхо, тхаьш чохь доцу сурт хIоттийна, дIатийра. Амма Хьасана шолгIа а неI туьйхира. Дан хIума дацара. НеI схьа ца йиллича ца йолура. Тхешан цхьана накъосте неIаран догIа схьадаккхар а дехна, сайн хечин доьхка схьадаьстина, Хьасан чоьхьаволуш, иза йуха дIадехка волавелира со. Хьасана, чоьхьа воллушехь стоьла тIехь лаьттачу шахматашка а, ткъа цул тIаьхьа доьхка дIадоьхкуш лаьттачу соьга а хьаьжна, хаьттира:

– Хьо хIун деш ву?

Ас жоп делира:

– Редакцина йуххерчу туьканара эцна йолу хIара хеча йустуш дохкура тхо-м.

ТIаккха цкъа шахматийн уьн тIе а, тIаккха ас дIадоьхкучу доьхкаре а хьаьжна, Хьасана элира:

– Иза стена йустуш йу, иза хьан тиша хеча ма йу?

Берриге а бийлабелира. Цу тIехь тхан «дов» дIадирзира.

Ала деза, Мехтиев Хьасана нохчийн журналистика, литература кхиорна мехала хазна йукъайиллина а, журналистикехь шен дика лар йитина а хилар.

Мехтиев Хьасан кхелхина 1994-чу шарахь. Дала гечдойла цунна!

***Магомаев Салавди, НР-н республикин журналистикин ветеран.***

## СИЛЬНЕЙШЕЕ ЗЕМЛЕТРЯСЕНИЕ НЕ СМОГЛО ПОКОЛЕБАТЬ ИМАН МУСУЛЬМАНКИ

В турецком городе Газиантеп во время землетрясения мусульманка с тремя детьми оказалась под обломками собственного дома. Во время спасательной операции она дала понять, что не выйдет наружу без головного платка. Женщине передали хиджаб и извлекли из-под завалов. Один из спасателей воскликнул: «Тетушка, как же я люблю твой иман!». Собравшиеся громко аплодировали и скандировали «Аллаху Акбар».

Земля разверзлась, но вера женщины осталась непоколебимой. Первое, о чем она беспокоится, - видят ли ее волосы посторонние? Даже землетрясение магнитудой 7,8 балла не смогло поколебать иман мусульманки.

Показатель ее таквы - настоящий образец для подражания. Прекрасное проявление скромности, стойкости и благочестия. Урок мусульманкам, что не стоит отказываться от хиджаба, каковы бы ни были обстоятельства.

Молюсь о такой силе имана. Это настоящая вера. Вот такие матери рождают праведников. Вдохновляют, укрепляют в вере всех.

Стоять за веру в дни бедствия - сильное свидетельство…

***Алимхан Хажбатиров***

В ГАЗЕТЕ ИМЕЮТСЯ ПЕРЕВОДЫ СВЯЩЕННЫХ ПИСАНИЙ, ПОПАДАНИЕ КОТОРЫХ В НЕЧИСТОЕ МЕСТО ПО ШАРИАТУ НЕ ДОПУСКАЕТСЯ!

ПАРЗАШ, СУННАТАШ

# МАРХА ДАСТАРАН IИЙД



АллахIу Акбар, Воккха ву АллахI-Дела, Шена муьтIахь берш айбеш, Шена Iеса берш сийсазбеш верг. АллахIу Акбар, Воккха ву АллахI-Дела, марханаш кхобучарна йал луш, цакхобучарна таIзар деш верг. АллахIу Акбар, Воккха ву АллахI-Дела, сийлалла Делехь а, Цуьнан Элчанехь а (Делера салам-маршалла хуьлда цунна), иймандиллинчу нахехь а йу, сийсазалла шайтIанехь а, цунна тIаьхьабозучу зуламхошкахь а йу. АллахIу Акбар, Воккха ву АллахI-Дела, Мухьаммадан (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) уммат собаре хилла, Далла муьтIахь хилла, Рамадан беттан марханаш кхобуш ду. АллахIу Акбар, Воккха ву АллахI-Дела, бусалбанаш Къуръан доьшуш, ламазаш деш сахуьленга бовлуш бу. АллахIу Акбар, Воккха ву АллахI-Дела, иймандиллинарш маьждигаш дузуш, ламазаш деш, Дела хьехош, Цуьнга къинхетам бар доьхуш доIанаш деш, Цо деллачу ниIматашна шукра деш бу. АллахIу Акбар, Воккха ву АллахI-Дела, бусалбанаш марханаш кхобуш, халонехь болчу шайн вежарийн хьелаш дагалоьцуш бу, къен-мискачу нахана сахь-закат даларца, царна гIодеш бу, самукъане болуш Iийд-ламазе баха арабовлуш, Далла хастам беш, вовшийн декъал беш, йоккха йал хиларца вовшашка кхаьънаш дохуш бу. АллахIу Акбар, Воккха ву АллахI-Дела, бусалба нах марханаш кхобуш, достуш диканехь совбуьйлуш Дела резавеш бу.

Альхьамдулиллахl, Далла хастам бу, йолан а, бекхаман а Iийдан де хIоттийна волчу, Шена Iибадат деш берш резабеш волчу, къиношна гечдеш, дикачу Iамалашна йал совйоккхуш бусалбанийн сий деш волчу. Вай Далла хастам бо, Рамадан беттан деношкахь даар-малар дитина, Шена муьтIахь хила вайна тавфикъ (гIо) даларна. Вай Далла шукра до, таравийхь ламазаш дарна тIехь, Къуръан дешарна тIехь Цо вайн аьтто бар¬на. Вай Цуьнга, Веза-Сийлахь ву Иза, доьху Шен диканехь Цо вай совдахар, диканан неIарш йерриге а Цо вайна йеллар, Ша хьехон а, Шена хастам бан а, Шена дика Iибадат дан а Цо вайна гIодар, нийсачу некъа тIехь Цо вай нисдар. Тхо Кхиош-кхобург, Ахь тхан дегнаш бакъдолчу динах дIа ма хьовзаделахь, Айхьа тхо нисдинчул тIаьхьа, Хьайна гергара къинхетам лолахь тхуна, баккъал а Хьо ма ву - Хьан лешна диканиг деш, диканиг луш.

ЦIена ву АллахI, И воцург кхин Дела вац. Вай дог тешна тоьшалла до АллахI воцург кхин Дела цахиларх, Иза Ша цхьаъ хиллачу хьолехь, Шен цхьа а накъост воцуш. Iийдан дийнахь даар-малар вайна хьанал дина Цо, бусалбане шен доьзална комаьрша хиларца омра дина, марха кхабар хIокху дийнахь хьарам дина, хьанал долчу хьолах сагIа далар мелехь дина. Иштта вай тоьшалла до, вайн эла Мухьаммад (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) Цуьнан лай а, элча а хиларна, Цо, Веза-Сийлахь ву Иза, бакъдолу дин кхайкхо а, сийлахь долу гIиллакхаш кхочушдан а халкъе ваийтина волу. Веза Дела, къинхетам белахь, маршенохь сов ваккхалахь тхан эла Мухьаммад, цуьнан доьзал а, асхьабаш а, дика хIума дарца, воних дитарца царна тIаьхьабозуш берш а.

Мила ву дашща дика верг Делан дине нах кхайкхинчул а дика Iамалш йинчул а, жоьжахатех нах ларбеш кхерам тийсинчул а, ялсаманица а, Дала цу чохь кечдинчу ниIматашца а кхаъ баьккхинчул а?! Цхьа а вац.

АллахIу Акбар, АллахIу Акбар, АллахIу Акбар, Воккха ву АллахI-Дела.

ХIай, Делан леш! Дала, собаре хилла, марханаш кхаьбначарна, цара йиначу Iамална совбаккхарца мел ло де ду хIара, Шен дуьхьа цара диначунна, Шен лешна сий-лерам беш де ду.

Мархийн бутт кхаьбна, сахь-закат даьккхина, Iийд-ламазе арадевллачу шух, стигларчу маликашна хьалха дозалла деш ву Веза-Сийлахь верг. АллахIу Акбар, Воккха ву АллахI-Дела, ма самукъане бу марханаш кхаьбнарш достучу дийнахь, ма самукъане хир бу нахана кхераме долчу Къемат-дийнахь. Iийдан дийнахь марханаш кхаьбначеран йаххьаш йелайелла, йекхайелла хир ма йу, Iеса болчу нехан йаххьаш кхоьлина хир ма йу. Дала нисвинарг а, Рамадан беттан марханаш дохийнарг а цхьатерра хир ма вац. Диканна хьакъ хилла Дала хьалхаваьккхинарг - Дела реза вина декъал хилларг ву, важа - Далла муьтIахь волчуьра дIа а ваьлла, Делан дозанаш хедош волу зуламхо ву, бакьдерг шена гучудаьлча, цунна инкарло йинарг ву.

Лекха волчу Дала марха дастаран Iийд шарIе диллина ма дац, бусалбанийн шайн Iамалш, мар¬ханаш кхочушхиларца самукъадалийтархьама бен, Iийд-ламаз шарIе диллина ма дац, бусалбанаш Шена хьалха дIахIиттийна, царна йал йалархьама бен. Шена муьтIахь хилларш, цара йиначу кIеззиг йолчу Iамална дуьхьал, Дала йоккха йал лур йолуш ма бу. Динехь нисбеллачу Шен лешца иштта комаьрша ву Веза-Сийлахь верг, цаьргара кIеззиг долчу бахьанах, боккха мохь (эхартан кхерам) царна тIера боккхуш. Делан комаьршалла йоккха йу, Цуьнан къинхетам шорта бу.

Бусалбанаш хIокху дийнахь баккхийбеш , вовшашка саламаш луш, марабетталуш, шайн дика Iамалш дагалоьцуш, Делера йолчу йоле сатуьйсуш бу. Амма хIокху дийнахь даар-малар, керла бедар тIейухар бен кхин хIума хууш боцурш, йа йахана буьйса а, йа тIейогIург, ца къаьсташ динехь марзо йоцурш, царна шаьш лелочух Делера мел хир ма бац, йоккха йал йаккха аьтто боллушехь IадIарна уьш дохкобеврм ма бу, шаьш шайга бехкаш бохуш уьш холча хIуьттур ма бу. Къемат-дийнахь шайтIано цаьрга эр ду: «...Шуна тIехь бакъо йолуш даца¬ра со, шуьга кхайкхар доцург. Аш суна жоп де¬лира, хIинца соьга бехкаш ма баха, Далла Iеса хиллачу шайн догIмашка бехкаш баха».

(«ИбрахIим» сурат, 22 аят)

ХIай бусалба нах, эрна йаханчу ханна дохкодовлий, тоба дай, Далла тIедерза, Далла муьтIахь хила, дика Iамалш йан сихо йе, шаьш Цунна дуьхьал кхетале.

Цхьаболу нах хуьлу Рамадан баттахь вон мел дерг дитина, Iеса, фасикъ хилар дитина, Дал¬ла муьтIахь хилла, марханаш кхобуш, моллалла кхойкхуш хезча, рузбане, жамаIатламазе баха сихо йеш, Дела хьехош, Къуръанаш доьшуш.

ТIаккха тIаьххьара марха чекхдаьлла, Iийдан буьйса тIейеъча, шайтIанца берта а боьлхий, хьанал-хьарам, цIена-боьха а ца къастош, дихкина мел дерг, вон мел дерг леладо цара. Оцу Делан мостагIчуьнца цхьаьна, кхин йолчу ханна, Далла дуьхьал, шайн Iесаллица тIом дIахьо цара. Цара деш долу зен Далла деш дац, Веза-Сийлахь верг Шен лешкара цхьана а хIумане хьашт вац, шайн догIмашна ду цара деш долу зулам.

Бакълийна Делан Элча (Делера салам-маршалла хуьлда цунна): «Рамадан бутт тIебеъча, ялсаманин неIарш схьайоьллу, жоьжахатин неIарш дIакъовлу, шайтIанашна буржалш туху», - бохучу шен дашехь.

(Ан-Насаий, Ахьмад)

И Iеса нах хууш бац-те шаьш Рамадан-баттахь а, Шавваль баттахь а, цул тIаьхьа а Iибадат дийриг, цхьа Дела вуй. Даима шайна рицкъа латтош, ниIматаш луш верг цхьа АллахI вуй?

Декъал хир ву-кх шайтIано бохург ца деш, шен лаамашха йухаваьлла Далла муьтIахь хилларг: «Далла а, Элчанна а муьтIахь хила, Шайна Делера къинхетам хилийтархьама».

(Алу-Iимран сурат; I32 аят)

ХьаьжцIа ваханчо шен хьаьжсанна лардан дезаш ду марха а, ламаз а, сагIа а, Дела цхьаъ хиларх, Элча бакъхиларх деш долу тоьшалла а, муьлхха а ша дина долу дика хIума а. ХIорш дерриге а лардар хIун ду? Шен дикачу Iамална тIаьхьа вон Iамал цайар ду. Вочу Iамало диканиг дIайоккху. Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) вочу хIуманна тIаьхьа и дIадойуш долу дика хIума де аьлла. Дикачунна тIаьхьа вон дерг дар хьекъале дац. Дика Iамал къобал хиларан билгало йу, цул тIаьхьа а дика хIума дар.

ХIай, бусалба, хьан марха стигална а, лаьттана а йукъахь, Дала къобал ца деш, кхозуш ду, хьуна, къен-миска нахана ахь сахь-закат дIадаллалц. Хьайгахь долчу йалтех, дикачух ахь сахь даьккхича, Дала къобалдийр ду иза.

ХIокху Iийдан дийнахь, Далла дуьхьалхIуттуш бедаршех цIенаниг, керланиг тIейухар, хаза хьожа йолу хIума тохар мелехь ду, божарша дарин а, дашон а хIума ца йуьйхичхьана, духарца а, леларца а божарий зударех, зударий божарех тар ца белчхьана. Вовшийн самукъадаккхар а мегар ду, динах а, гIиллакхах ца воьхчахьана. Дагца а, маттаца а, дикачу Iамалшца а Дела хьехор мелехь ду, вовшашна а, меттахь бисинчу баккхийчарна а, цомгаш болчарна а, заьIапхошна а зераташ дар (хьажа-хIотта вахар) мелехь ду. Iеса хилар а, моттаргIанаш а, мостагIалла а дитар мелехь ду. Делах кхоьруш, гечдеш, къинтIераволуш хиллачу Элчанах (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) масал эцна вовшашна къинтIерадовлар, шайна йукъахь салам даржадар мелехь ду.

Динехь а, дуьненахь а, эхартахь а бусалбанашна маршо йоьхуш , церан барт хилар доьхуш, хьалха дIабаханчу вайн бусалба вежаршна гечдар доьхуш, Деле доIанаш дар мелехь ду. Бусалба динехь вай нисдарна Далла шукра дар, хастам бар, Цуьнан Элчанна (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) Деле къинхетам бар доьхуш, иза маршонехь сов ваккхар доьхуш, салаваташ дахкар мелехь ду.

АллахIумма салли Iала Мухьаммадин ва Iала али Мухьаммадин ва саллим. Амин, валь-хьамду лиллахIи Раббиль-Iаламийн.

*С. Муртазаев*

ЭТИКА ПОЧИТАНИЯ РОДИТЕЛЕЙ В ИСЛАМЕ

# ПОЧТЕНИЕ К ОТЦУ И МАТЕРИ – ЦЕННЕЕ ГАЗАВАТА!

Религия Ислам украшает жизнь человека со всех сторон. Она учит мусульман проявлять милосердие к слабым, делать пожертвования бедным, уважать старших, заботиться о своей семье, помогать тем, кого притесняют или кто попал в трудное положение. Она учит нас и этике почитания родителей, этике почитания друзей и коллег, этике почитания братьев и сестёр.

В Коране многочисленные аяты требуют почитания родителей, совершения по отношению к ним добрых деяний. Даже если родители неверующие, Коран требует, чтобы с ними обходились по доброму, вежливо и сохраняли с ними дружеские, уважительные отношения (сура «Анкабут», аят 8; сура «Лукман», аят 19). Но если родители требуют отказаться от веры в Аллаха или не выполнять предписания Творца, – то в этом не следует им подчиняться.

В Коране, после того, как Всевышний повелевает не придавать Ему никого и ничего в сотоварищи, Он требует от нас делать родителям добро, уважать их и хорошо относиться к ним (сура «Ан-Ниса», аят 36). Это показывает, как высоко ценится и как важно в Исламе почитание родителей.

Согласно хадисам, переданным аль-Бухари и Муслимом, непочитание родителей, их оскорбление, притеснение, доставление им мучений и обид считается тягчайшим грехом. Этот грех упоминается в одном контексте вместе с приданием Аллаху сотоварища и убийством человека.

В Судный день Аллах не одарит Своей милостью притесняющего родителей - он даже не почувствует аромата рая, для него рай становится запретным, не принимаются его хорошие деяния, а бедствия и печали быстрее настигают его, Аллах проклинает его.

Последствия ослушания родителей он испытает ещё в этом мире, а в момент смерти не сможет произнести формулы свидетельства Единобожия (шахада). Так говорится во многих хадисах Пророка (да благословит его Аллах и приветствует).

Желающий более подробно познакомиться с ними, может обратиться к книге достоверных хадисов аль-Хафиза аль-Мунзири «Ат-Таргиб ва аттархиб» (том 3, стр. 252-267).

Поэтому каждый, кто верит в Аллаха и Судный день, должен приложить все усилия для соблюдения следующих этических норм почитания родителей.

1. Человек никогда не должен забывать, с каким трудом родители, особенно мать, его воспитали, сколько боли и неудобств они пережили и сколько сил, душевной энергии и нервов на него потратили.

В Коране говорится: **«Я завещал человеку, т. е. обязал его во всех отношениях - помочь, быть полезным для родителей, ведь мать с трудом носила его в своём чреве до рождения и с мучениями родила его»** (Коран, 46:15).

2. Человек всегда должен молить Аллаха о прощении грехов своих родителей, просить Всевышнего быть милостивым по отношению к ним. В Коране говорится: **«Пожалей их, будь перед ними скромным, простым и покорным, и проси: «О мой Господь Аллах, смилуйся над моими родителями так же, как они проявили милосердие ко мне, воспитывая меня в детстве, когда я был маленьким!»** (Коран, 17:24).

3. Нельзя совершать ничего, что показывало бы, что ты обижен на них, нельзя повышать на них голос, необходимо говорить с ними мягко, вежливо, смиренно и стоять перед ними с чувством милосердия. Это нам велит Коран в 23 аяте суры «Аль-Исра»: **«Если один из родителей или оба достигнут старости, то не говори им: «Уф!» - не кричи на них и обращайся к ним почтительно»** (Коран, 17:23).

4. Во всех вопросах дети должны подчиняться родителям, если они не требуют такое, что может привести к неверию (куфр) или ослушанию Всевышнего. Подчинение родителям и является признаком любви к ним, а невыполнение их требований – их огорчением и притеснением. О грехе их притеснения мы говорили выше.

Однажды Пророка (да благословит его Аллах и приветствует) спросили: «Какое деяние Аллах любит больше всего?». «Вовремя совершённый намаз» - был ответ. «А за ним какое?» – спросили его. «Подчинение родителям и старание делать им добро» – ответил он и добавил, что после этого идёт газават - сражение на пути Ислама (достоверный хадис, переданный аль-Бухари и Муслимом).

В этом благородном хадисе подчинение родителям ставится перед газаватом, выше него!

5. Дети не должны говорить при родителях повышенным тоном. Нельзя дать им почувствовать, что они надоели им, необходимо принимать их советы, а то, что дети хотят им сообщить, следует рассказывать мягким, приятным голосом. Нельзя смотреть на родителей сердито и хмуро.

В хадисе говорится: «Кто смотрит на родителей сердито - не подчиняется им» (Дарукутни).

6. После смерти родителей следует продолжать читать мольбы за них, просить Аллаха о милости и прощении их грехов.

В хадисе говорится: «Если человек, который притеснял родителей, искренне раскаиваясь в этом, будет после их смерти просить Аллаха о милости к ним, т. е. будет часто делать о них дуа, просить прощения их грехов, то Аллах напишет его имя в ряду тех, кто был послушен родителям» (Абу Дауд, Ибн Маджа, Ибн Хаббан).

7. Следует дарить родителям полезные и необходимые для них вещи, покупать для них одежду, обувь и т. д. Это входит в содержание аята, где говорится: **«Ваш Господь повелел, чтобы вы не поклонялись никому, кроме Него, а своим родителям - делали добро»** (Коран, 17:23).

8. После смерти родителей следует выполнить их завещание, надо укрепить дружбу с их друзьями и любить тех, кого они любили. В достоверном хадисе говорится: «Из всех добрых дел по отношению к родителям самым лучшим считается поддержание связей с людьми, которых они любили» (Муслим).

9. При родителях необходимо всегда вести себя почтительно. Громко смеяться, лежать, петь песни, оголять тело в их присутствии, вызывающе вести себя - считается непочитанием родителей. Если дети из любви к родителям целуют им руки, обнимают их - то это не считается их непочитанием.

10. Дети должны помочь родителям в их делах: как могут и чем могут. Не подобает ходить сыну налегке рядом с отцом, когда он несёт тяжёлую сумку или другую ношу. Нельзя возлагать на мать всю работу по наведению порядка в доме. Дочь должна помогать матери по мере сил и возможностей. Взрослые дети должны ухаживать за младшими братьями и сёстрами - заботиться о них. Почитанием родителей считается и хорошая учёба детей в школе, в медресе и т. п. В хадисе говорится: «Довольство Аллаха – в довольстве родителей» (Ат-Тирмизи, Хаким, Ибн Хаббан, Табарани).

11. Дети обязаны хранить честь и достоинство родителей. Нельзя совершать такое, из-за чего люди могут плохо



отозваться о родителях, обвинить их в чём-то.

В хадисе говорится: «Одним из самых тяжких грехов является произнесение человеком порочных слов в адрес своих родителей». Сподвижники спросили: «О Посланник Аллаха, а разве бывают люди, которые порочат своих родителей?». Он ответил: «Бывает, один человек ругает, порочит родителей другого, а он, в свою очередь, ругает и порочит родителей этого» (Аль-Бухари и Муслим).

12. Непочитанием родителей в шариате считается нахождение в пути впереди родителей. Также нельзя садиться раньше, чем они сядут, обращаться к ним, называя их по именам. К ним необходимо обращаться уважительно, со словами: папа, мама, отец, мать и т. д.

13. При необходимости выехать куда-нибудь детям, прежде всего, необходимо посоветоваться с родителями - и только после их согласия разрешается ехать.

Однажды к Пророку (да благословит его Аллах и приветствует) подбежал некий молодой человек и сказал: «Я пришёл, чтобы присягнуть тебе насчёт хиджры (переселения из Мекки в Медину), тогда как родители мои не понимают этого решения и плачут». Пророк (да благословит его Аллах и приветствует) сказал: «Возвращайся, заставь родителей смеяться так же, как ты заставил их плакать!» (Абу Давуд).

15. Считается сунной посещение могилы и дуа за умерших. Если умершие – родители, то это более желательно. А если касается посещение могилы в пятничный день, то это день, в котором не отворачивается мольба, и по воле Всевышнего возрастает награда за все виды поклонения.

16. Если родители позовут - следует отозваться сразу же.

17. Старших братьев и сестёр следует почитать так же, как и родителей. В хадисе говорится: «Долг старших братьев перед младшими - подобен долгу отца перед детьми» (Байхаки).

Одним словом, как мы говорили выше, так же как притеснение, мучение родителей считается несчастьем и бедствием, те, которые почитают родителей, стараясь добиться их довольства, помогая им - приобретают великое счастье обеих миров.

Как разъясняют нам хадисы, тот, кто делает добро для родителей, получает столько вознаграждения, сколько получают люди, совершающие большое и малое паломничество или участвуют в газавате. Доброе отношение к родителям – одно из лучших качеств человека, которое больше всего любит Аллах.

Забота о родителях и их довольство – залог приобретения райских благ, продления жизни, приобретения жизненных благ. Дети, заботящиеся о родителях, получают во всём содействие и помощь Аллаха, приобретают путь истины, облегчается их жизнь, они приобретают спасение. Довольство родителей тесно связано с довольством Аллаха.

В хадисе говорится, что рай находится под ногами матерей. Всё, что мы перечислили выше, взято из хадисов. Желающий может обратиться к книге «Ат-Таргиб ва аттархиб» (том 3, стр. 252-262).

Да поможет нам Аллах вести себя так, чтобы были нами довольны родители. Амин!

*ИсламДаг*

# «СЕРНОВОДСК-КАВКАЗСКИ» КУРОРТ

***БисмиллахIи Рахьмани Рахьийм***

Уггаре а хьалха сайн къамел долош, вайн Мехк-Дена Рамзан-Хьаьжина, Дала Iалаш войла иза, баркалла ала лаьа суна. Уггаре а коьрта некъ хIун бу аьлча, хIара шо «Нохчийн меттан шо» ду аьлла указ арадаккхаро, нохчийн мотт буьйцуш болу, нохчийн меттан сий деш болчу, нохчийн мотт шайн орам буй хууш болчу нохчашна массарна а кхаъ хилла, и кхаъ хиларца цунна баркалла аларца доладо ас.

Оцу тIера ас хIунда долий хIара аьлча, Россин Федераци йоккха пачхьалкх йу. Россин Федерацехь Ахьмад-Хьаьжех (Дала гIазот къобалдойла цуьнан!) даьллачу доккхачу беркатца, диканца, цо биллинчу сирлачу некъаца, цуо вайна хIоттийначу Iалашонца, хIокху йоккхачу Россин пачхьалкхехь, бIаьрла декъашхо хилла дIахIоьттина Нохчийн Пачхьалкх, АльхьамдулиллахI!

Иштта йолуш йолу, тахана вайн Нохчийн Пачхьалкх олу ас кхунах, хIара иштта йолун дела олу. ХIунду олу, вайн вешан Конституци а йу, вайн Парламент а йу, вайн Правительство а йу. Вешан герб а йу, вешан гимн а йу, пачхьалкхан хила дезаш долу дерриге а хIумнаш вайн хиларца цхьаьна тахана Россин пачхьалкхехь вешан пачхьалкхан бакъо вайн хиларан билгало йу, вайн чохь лелаш шиъ мотт а бу: нохчийн, оьрсийн. Цхьана лелаш, коьртачу бакъонехь лелаш пачхьалкхан шиъ мотт бу аьлла указаца сецна хиларца. Цундела сайн къамел нохчийн маттахь до ас, хIокху шарахь хIара долу дела. Оцу тIе ван йолчу ойланца дийцира ас хIара хьалхарниг.

Вайн махкахь шозза гIаьттина болчу зуламечу шина тIамо йерриге йохийна, аьтта дIайаькхинера вайн Нохчийчоь. Къаьсттина, хIара «Серноводск-Кавказски» аьлла цIе йолуш йолу хIара курортан гIишло, деккъа пенаш доцург дисина хIума доцуш, йохийна, аьтта дIайаьллера. Хьалхара гIоьналлин бахамаш берриге а дIабевллера, тIебогIу некъ бохийна бара. Массо хIума дIа а даьлла, йохийна лаьтташ йолу хIара, тахана Рамзан-Хьаьжин беркатца, Ахьмад-Хьаьжин цIарах йолчу йукъараллин фондан харжех хIара денйина дIахIоттийна.

Тахана вайна ма-гарра хIара беркате хьал ду кхузахь. ХIара денйале хьалха Кисловодскехь ма хилла со, суо пенсе вахчахьана дуьйна, со пенсе вахана а 2I-22 шо ду. СадаIа а, могашалла лаха а дIасавала нийат долуш, масийттазза Кисловодскехь курортехь хилла со, Пятигорскехь хилла, Нальчикехь хилла. ХIинца, хIара тойичахьана дуьххьара дуьйна кхуза ван воьлла со, вогIуш а ву. Оцу массо меттигашкахула со леларха эшна ца го суна кхузахь долу дарбанаш лохуш болчу нехан хьашташ кхочушдар.

Ток йагайар, парафинца терапи йар, массо кепара массаж йерг, кхидерг, дерриге кху чохь дан а долуш, физиотерапевтин процедураш йерриге а, АльхьамдулиллахI, шо-шаре даларца, хIара хIинца тхо чохь Iаш йолуш йолу хIара меттигаш тойеш йу. Со дуьххьара схьаван воьлча кондиционер йацара, телевизор чомахь гойтуш йацара. Тахана массо чохь кондиционер йу, телевизор йу, йууш йолу хIума, кхин дика хуьлийла доцуш, дика йу. Уггаре а суна тIе тидам бахийта лууш дерг хIокху вайн «Серноводск-Кавказски» курорт аьлла цIе йолуш йолчу кхуьнан белхахой шайгахь адамалла йолуш, цIенна нохчалла къаьсттина шайгахь долуш, оьзда, гIиллакхе хилар ду. Со лоьрийн дешар доьшуш волчу хенахь Виктория Львовна бохуш цхьа хьехархо йара тхан, профессор. Цуо олура, генна замангара вуьйцура цуо Захаренко бохуш цхьа гIараваьлла волу терапевт, цуо аьлла олий дуьйцура цуо: «Цомгашчу стагана дуьххьара лоьраца цуо къамел дича, нийсса ах гIоле цунна хуьлуш йацахь и лор шен меттахь вац», олий. Йа и лор а вац. Оцу лоьро шена кхин говзалла лаха йеза. Оцу тIе хIунда вогIу со аьлча, хIокхера адамалла, хьоьца йолу тIекаре, хьоьга бистхилар, хьоьца долу хаза гIиллакх, шаьш беш болчу балха тIехь кIоршаме боцуш, чов-чарде боцуш, хьо хьаьстина бен бист а ца хуьлуш бу хIорш. Ой, хIокхара со баккъала то вийр ма ву аьлла, ойла оцу тIехь чIагIлуш, иштта карийна суна хIорш. Шо-шаре даларца оцу тIехь хIорш сов буьйлуш а го суна. ТIаккха, хIинца хIара керла хIокхера коьрте хIоттийна йолу директор Хасиева Хеда, со схьавеъчахьана хаза гIиллакх хIоттийна лелаш йу, оьшург дерриге а ду кхузахь.

Со чу вогIуш, со охьавиллина йерг хIинца дехьа чу ремонт йеш йолу жима чоь йара. «Хьенех» хIоккха вогIуш ву аьлла шайна хиъча, цуо а, хIинца вайн Мехк-Ден Рамзан-Хьаьжин йоI ХутIмат йу хIокху белхашна тIехIоттийна, цаьршимма и болх со кхуза вогIуш ву, ас кхузахь дарба лохий, суна кхузахь дарба карадой хиъча, хIокхачу вогIуш ву аьлча, «вай кхучу вогIуш хилча-м цхьа жимма куц хийца ма деза вай» аьлла, хьажал цара соьца лаьцна гIиллакх. ХутIамата а, Хедас а кхаьрца болчу накъосташа а. Хьажал оцу балхе! Ма хаза ду и!

Со тешна ву кхидIа а, Ин шаа АллахI, Дала мукъ лахь, вайн дархой, шайна садаIа лууш берш, кхузахь дархошна дарба луш, садаIа луучарна паргIато карош, де-дийне даларца хIара кхин а толуш, кхуьуш хIара дIахьуриг хилар.

Йерриге а процедурашна чухула чекхволуш ву со, цул тIаьхьа магнитни процедурни чу воьду со, оцу чуьра араваьлча парафини-терапи йу суна йеш, иштта настаршна оплекацеш йохкуш…

Ткъа оцу массо а чувахча, хьо ца веъча йиш йоцуш ву моттадолуьйтуш, хьаьвза хIора а, «ма дика ду-кх со кхуза веана», аьлла хетадолуьйтуш, кхаьргара оццул хазачу адамалло, гIиллакхо дарба деш бен цхьана а кабинета чуьра ара ца ваьлла со. Иштта тешна ву со, массаьрца хIокхеран и хазчу гIилкхаца и болх кхеран лелаш а, кхидIа а леларг хиларх. Суна лаьа тахана вайн «Исламан зIаьнарш» газета тIехь гайта, кхара беш болу болх вайн къомана беркате хилар а, де-дийне мел дели ХутIамата а, Хедас а дола деш хIара курорт кхидIа а денлуш, талург хилийла! ТIаккха, вайн Мехк-Дас Рамзан-Хьаьжас , Дала Iалашвола иза, кхидIа беш болчу балха тIехь а, шен кхиамашкахь сов вуьйлуш, вайн къоман ирс дебош хIара гIуллакх кхидIа а дIахьуриг хиларх теша со.




Хьалхо соьга хаьттира Москвара баьхкиначу телевиденерчу журналисташа, сан дукхазза нисделла цаьрца къамелаш дар.

«В чем вы находите феномен успехов вашего Президента Рамзана Ахматовича Кадырова?» аьлла соьга хаттар дира. Ас оьрсийн маттахь, цо ма-аллара дIаэли и.

Иштта делира ас сайн жоп: «Цуьнан цIена долу нийат, (оьрсийн маттахь суна перевод йан хьаьа, ас цуьнга дIа а аьлла и), цунна шен къам дезар, шен къомана дика болх лохуш и хилар цуьнан даг чуьра схьа долу дела, вай халкъ кхоьллина волчу, вай кхобуш- кхиош волчу АллахI Дала гIо до цунна. Цундела дIадоллийначу хIуманна тIехь Дала аьтто а бо цуьнан. Цхьаьнге а бакъ ца далуш, оццул куц хийцина дIахIоьттина хIара вайн мохк - Нохчийнчоь.

Цундела Ахьмад-Хьаьжас (Дала гIазот къобал дойла цуьнан) шен куьйгаца: «Я считаю, что газета «Исламан зIаьнарш» должна быть, как необходимая газета для Республики» аьлла цуо ша куьг таIийна долуш долчу, дуьххьара цуо къобал динчу газетех ду хIара бусалба газет. ХIокху газета тIехь, иштта статья йазйан лиъна хьехадо ас хIара.

Дала кхин а беркатехь сов дохийла вай!

***Кадыров Хож-Ахьмад-Хьаьжа, Къилбаседа Кавказан Iелимнехан кхеташонан куьйгалхо.***

## ПАРЗАШ, СУННАТАШ

# МАРХА ЛАЦАР А, ДАСТАР А

Марха билггал муьлхачу дийнахь лоцур ду йа достур ду хьалхххе хаа йиш йац. ХIунда? Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) дешан дуьхьа. Цо аьлла: «Марха и (цIина бутт) гарца лаца, и гарца даста а даста, нагахь дуьхьал марха йеана шуна иза гойла дацахь, ШаIбан беттан ткъе итт де дузийта».

***(Аль-Бухарий, Муслим)***

Вукха хьадисехь ма-аьлла Делан салам хиларо: «Шайна (бутт) галлалц ма кхаба, цул тIьаьхьа галлалц кхаба…» Иштта цуьнан хьасдисашкара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) вайна хьаь Рамадан бутт ткъе исс де долуш хила йиш йолуш хилар а.

Вайн марха долуш, телевизор чохь Москвахь а, СаIудехь а достуш гича, низамах боха сихло цхьаберш. Царна ца хьаь, бутт гаран хьукмангехь баккхийчу имамийн ойланаш шина кепара хилар. Цхьаболчарна гергахь, цхьана меттехь бутт гинехь, дуьненан массо маьIIехь марха лаца деза. Вукхарна гергахь, хIора махкара бусалба нах шайна бутт гарца марха лаца декхар бу. ХIокху шина а декъан Элчанан (IалайхIис-салам) хьадисашкара далилаш (тоьшаллаш) ду.



Цхьаболчара цхьа хьадис гIоле лерина, вукхара важа лерина. Цхьаболчара «Гича лаца, гича даста» бохург дуьненна а ду аьлла, вукхара цхьана махкана ду аьлла.

Ткъа вайн имам волчу ШафиIин мазхIабехь тергалдинарг шен махкахь бутт гар ду! «АльфикъхIульманхIажиййу» жайнахь ду: «Дамаск, Аллеппо, Хьимс цхьана пачхьалкхан Шемин гIаланаш, масала, цхьана мехкан хьукма долуш йу. Вовшийн гена йолу гIаланаш, масала, Макка, Каир, Дамаск, цхьана мехкан хьукманца йац. Маккахь бутт гича, Каирехь берш марха лаца декхар бац, Каирехь гича, Дамаскехь берш декхар бац», - аьлла.

Гина бутт а боцуш йа ШаIбан беттан ткъе итт де дуьзна а доцуш, и даима марха лоцуш къуьйсуш долу де, шарийтан жайнашкахь «йавмуш-шакки» аьлла, дийцина ду, шеконан де бохург ду иза. Дийцарал сов, кхаба хьарам ду аьлла ду. Делан салам хиларо аьлла: «Нах шекболчу дийнахь марха кхаьбнарг Абуль-Къасимна Iеса хилла».

***(Абу-Давуд, ат-Тирмизий)***

Абуль-Къасим Элчанах олуш хилла (Делера салам-маршалла хуьлда цунна).

ХIара «Иршадус-сарий фи Iибадатиль-Барий» жайни чохь дерг марханаш хьалха лоцуш, къесташ болчеран хьокъехь дийцина ду: «Цхьанна а, йа цхьана тобанна а мегаш дац, марха лацарца йа дастарца кхечу шахьарахь бутт гинера аьлла, шайн шахьарахь болчу нахах дIакъаста, и болх бинарг йа бинарш къинош летош бу, шаьш умматна дуьхьал бевлла, Дала Шен лешна хIоттийна долчу шарIан хьукма дохош, нах шина декъе боькъуш бу. Элчано аьлла (Делера салам-маршалла хуьлда цунна): «Марха дастар наха достучу дийнахь ду, гIурба дер наха дуьйчу дийнахь ду».

***(Иршадус-сарий ила Iибадатиль-Барии)***

Иштта Делера салам хиларо аьлла: «Шун мархаш аш кхобучу дийнахь ду, шун гIурба аш дуьйчу дийнахь ду».

***(Иршадус-сарий ила Iибадатиль-Барии)***

Марха лацар, дастар бусалбанийн цхьаалла гучуйоккхуш Iамалш йу. Бусалба нах тахана тайп-тайпаначу мехкашкахь бу, хIора махкахь шен низам долуш. Цхьана махкахь , шахьарахь берш марха бахьана долуш бекъабалар маггане а мегар дац».

Дала бусалбанийн барт цхьаъ бойла!

***С. Муртазаев***

## ХАТТАРШ А, ШАРИIАТЕХЬ ЖОЬПАШ А

**Стаг цхьадолу хIуманна тIехь комаьрша ца хилча, иза ялсамане гIур вац олу, цунах ша кхетавахьара боху.**

Дала Ша вай кхоьллинчул тIаьхьа вайн кара рицкъанаш дохкуьйту, цхьаволчунна - алсам, кхечунна - гаттам бина. И дукха даьхни карадаьхкина берш, и хьал карадаитарца зуьйш ву и Дела. Куралла йо те цо (ХIамана а, ПирIуна йинарг санна) йа комаьршалла йо те цо цуьнца (Абубакар Сиддикъа а, Iусмана а йинарг санна). Къезиг даьхни карадаьхкина берш къеллица, гатталица зуьйш ву Дела. Цхьа кица далор ду ас эццахь. Гуьмсехь дуьххьара маьждиг дугIучу заманчохь, кхайкхабора и маьждиг деш гIо лаьцна болу нах, хIокхо хIара деана, вукхо хIара деана олуш. ТIаккха ши шай оцу маьждигна делла а боцчу дешначу наха бехк буьллура, и кхайкха хIунда до бохуш, хьадис а далош. И ца хууш тхо а дацара, хIетахь ас, хьалагIаьттина, элира: «ХIай нах, со жима велахь а, ца аьлча ца волу со, ладогIал. И шуна гина хьадис тхуна а гина. ХIокху маьждигана дукха даьхни деза (хIинца санна Iедало деш дацара маьждигаш). Лакха эвла йисттера стаг ги дукъо а диллина, хьо стенга воьду аьлла шега хаьттича, ша хIара маьждигана эцна воьду бохуш, и дуьйцуш охьавеъча, и гIиллакх дац шуна. Амма и гIодеш болу нах кхайкхийча, кхечарна а дагадогIур изза, тIаккха бен вайга хIара маьждигаш далур дац». Иштта маьждигаш дуьйгIира оцу хенахь. Делан пурбанца, хIинца санна паргIато хуьлда вайна, динан хьашташ кхочушдан массо а хенахь!

**Воккхачу стага, ша велча, шен кошана догIа аьлла кечдина чурт ду, хIоккху метте дIа а волла аьлла, билгалйина меттиг а йу. Ткъа иза валале хьалха цигахь чурт хIоттадайта мегий?**



Шена чурт кечдар шариIатехь бехке хир дац. ХIоккху меттехь со дIавуллур ву аьлла меттиг билгалйар – иза бакъо йолуш дац, и весет дIадохуьйтур дац. Кешнийн хьаьрма йуьртара бахархойн массеран а цхьатерра меттиг йу. Цуьнан бакъо йу ша Iаш волчу кертахь, шен декъа тIехь, шена луъучохь тIулг а боьгIна, дIаволла иза.

**Больницера кеман тIехь цIа йалош аэропортехь йалар нисделла шайн ненан. Цунах дагахьбаллам бисина цIерачарна, больницехь йитинехь, цунна гIоли хир йара, бохуш. Цунах лаций дийцахьа.**

Дуьненчохь йоккхуш йолу зама хан тоьхна йу. Ткъа Iожаллаш бахьанашца йу. Шу холчу ма хIуьттийла. Цара иза больницехь йитинехь а, хIокху дуьнен тIехь мел волу лор валийнехь а, оцу хена чохь цуьнан Iожалла хилаза ца йолура. Оцу нанна, цуьнан доьзалхошна хууш а долуш, Дала цхьа дика дина: новкъахь йалар нисделла цуьнан. Новкъахь велларг шен дегIан гIазотехь хир ву аьлла.

Шуна Дала собар лойла, шун нана Дала декъал а йойла!

**Даима валар дагара ца долуш, цуьнан бен ойла ца йалуш хьал ду щегахь, цунах лаций дийцахьара боху.**

Валар дагадар ийман ду, цамгар йац. Валаран ойла йеш волу стаг воккхавен веза, гIайгIане хила ца веза. Делахь а, даима валаран ойла йича, стаг вахалур вац. Кхана лийр волуш санна эхарт а лохуш, цкъа а лийр йоцуш санна дуьне а лохуш – оцу шинна йуккъехь хьанал а, хьарам а къастош вахар ду магийна. Къинхетамечу Дала и цамгаре баьлла сингаттам ца лаьтташ, дуьне а, эхарт а лаха пурба лойла цунна!



**Къемат-дийнахь хиндолу Iазап цхьанна ханна тухуш ду йа даима лан дезаш ду?**

Къемат-дийнан Iазап керста нахана даима лан тоьхна ду, цунах цхьа а шеко йац. Дела цхьаъ винчу бусалба нахана шайгара девллачу бехкашка хьаьжжина хан тоьхна лур ду и Iазап, и текхна бевллачул тIаьхьа Делан къинхетамца хьалхабевр бу уьш (Даламукълахь).

***Хаттаршна жоьпаш делла КЪКФО-н Iелимнехан кхеташонан куьйгалхочо Кадыров Хож-Ахьмад-Хьаьжас***

**Продолжается подписка на газету «Исламан зIаьнарш»!**
**Тридцать два года прошло с тех пор, как вышел первый номер религиозно-просветительской газеты «Исламан зIаьнарш».**
**На ее страницах публикуются проповеди, газета рассказывает об основах религии Ислам, о жизни святых эвлия, о наших прекрасных обычаях и традициях... Также читатель может узнать о достойных, благородных поступках и жестах наших соотечественников. У каждого из нас есть возможность подружиться с этой газетой, задать редколлегии вопросы, посоветоваться, рассказать о наболевшем...**
**Пишите в газету «Исламан зIаьнарш», подписывайтесь на газету «Исламан зIаьнарш»! Цена на подписку: на полугодие – 360 рублей, на год – 720 рублей.**

**Учредитель:**
Министерство Чеченской Республики по национальной политике, внешним связям, печати и информации

Адрес учредителя/издателя: 364060, г. Грозный, бульвар Дудаева, 8.

**Куратор газеты Х-А. Ж. Кадыров**
**Основатель газеты М. Д. Заурбеков**
**Главный редактор Ф. М. Заурбекова**

Адрес редакции: 364024, г. Грозный, ул. Н.А. Назарбаева, 92.
**Телефон:** 8-928-088-85-50; **E-mail:** zori-islama@mail.ru; **Индекс газеты:** 54 928, Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Чеченской Республике 1 декабря 2015 года. Регистрационное свидетельство ПИ № ТУ 20-00110.

Мнение редакции может не совпадать с мнением автора. Рукописи не рецензируются и не возвращаются. Газета выходит 2 раза в месяц на русском и чеченском языках. Свободная цена. Тираж – 3000 экз. Передано в печать: 05.04.2023 г. 15:00. Подписано в печать: 05.04.2023 г. 16:00. Заказ №________ Газета отпечатана в типографии издательства ООО «Плаза». Адрес: 357748, г. Кисловодск, ул.Седлогорская, 161. Индекс издания ПА882.

**16+**